

Dwa Pasyan Kap RESEVWA SWEN

NAN SANT PSIKYATRIK BIWO SANTE
MANTAL ETA NOUYÒK LA

**Eta Nouyòk
Andrew M. Cuomo
Gouvènè**

Biwo Sante Mantal
Michael F. Hogan, Ph.D.
Komisè



LWA AK REGLEMAN Eta Nouyòk pwoteje
dwa moun ki entène nan sant psikyatrik eta a.

Ti liv sa a diskite dwa sa yo, ak ki demach ou
kapab fè si ou kwè yap vyole dwa ou - oswa
dwa yon moun ou konnen.

Chak moun ki antre nan youn nan lopital nou
yo gen dwa pou resevwa swen ak tretman
dapre bezwen li. Anplwaye yo dwe bay moun
nan tretman sa a byen, san danje epi ak
imanite avèk tout respè pou diyite ak entegrite
pèsonèl moun nan.

Michael F. Hogan, Ph.D.,
Komisè

Sa Ki Anndan

Dwa moun ak lwa yo

2

Vi Prive ak Konfidansyalite

4

Travay ak edikasyon

4

Kominikasyon

5

Admisyon sou lwa Ijèn Mantal

6

Admisyon sou lwa pwosedi kriminèl ak lwa koreksyon.....

8

Gadyen legal.....

9

Mandat sante mantal ak tretman

9

Dwa ou pou resevwa bon kalite swen.....

10

Dwa ou pou refize

10

Kontwòl ak izolman

11

Operasyon ak lòt tretman.....	12
Rechèch.....	13
Dosye kriminèl.....	13
Liberasyon	13
Liberasyon ak kondisyon.....	14
Tretman Asiste Pasyan Pou Deyò (Lwa Kendra).....	14
Asistans legal pou ou.....	17
Nimewo telefòn pou jwenn èd.....	18

Dwa moun ak lwa yo

Yo entène pifò moun nan sant psikyatrik Eta Nouyòk yo dapre Lwa Ijèn Mantal la. Si ou se youn nan yo, ou gen dwa pou plizyè dwa fondamantal. Gen sèten nan dwa sa yo pèsòn moun pa ka limite yo. Genyen lòt dwa lalwa kapab limite pou rezon medikal. Si yo te entène ou sou Lwa Pwosedè Kriminèl oswa Lwa Koreksyon, kapab gen diferan nòm ki aplike pou dwa ou yo.

Si yo ta limite dwa ou yo pou rezon medikal, klinik la dwe eksplike ou poukisa epi ekri eksplikasyon an pou mete nan dosye ou. Fòk yo di pou kantite tan limit sa a pa bon tou.

Ou kapab pwoteste kont nenpòt limitasyon yo mete sou dwa ou yo. Pou kòmanse ou kapab al kote direktè lopital ou a. Epi tou gen èd nan Sèvis Legal Ijèn Mantal la (MHLS), Komite Vizitè lopital ou a ak Komisyon Eta Nouyòk sou Bon Kalite Swen ak Defans Pou Moun Ki Andikape a. Nimewo telefòn yo chak sipoze ekri sou afich "Dwa Pasyan" ki nan sant psikyatrik ou a. Anplwaye yo kapab ede ou jwenn nimewo sa yo, ak lòt sous enfòmasyon ki nan fen ti liv sa a.

Dwa sivil

Yo pa sipoze retire okenn dwa sivil ou genyen sèlman paske ou nan yon sant psikyatrik.

Lwa a mansyone menm ou kontinye genyen dwa pou anrejistre ak vote nan eleksyon, dwa pou gen ran nan sèvis sivil ak nominasyon ak dwa ki gen pou wè ak jwenn, pèdi oswa refize ou yon lisans, pèmi, privilèj oswa lòt avantaj nenpòt lwa ofri.

Epi ou gen dwa pou okenn anplwaye oswa lòt rezidan pa abize oswa maltrete ou.

Si ou kwè ou se yon viktim abi mantal, fizik, vèbal, seksyèl oswa fizik, oswa ou wè yo fè yon moun sa, tanpri rapòte sa pi vit posib.

Dwa Pèsonèl

Tout pasyan sant psikyatrik Eta Nouyòk yo gen dwa yo ki nan seksyon sa a, amwenske gen yon pwovizyon espesifik yon lòt lwa, tankou Lwa Pwosedè Kriminèl oswa Lwa Koreksyon pou moun yo admèt sou lwa sa yo - ki di yon lòt bagay.

Ou genyen dwa pou:

- ◆ Mete rad ki apwopriye sou ou.
- ◆ Gen yon anviwònman ki gen sekirite epi ki pwòp.
- ◆ Gen yon rejim ki gen manje ki ekilibre ak gen bonjan nitrisyon.
- ◆ Pratike relijyon w vle, oswa pa pratike okenn relijyon ditou.
- ◆ Okenn anplwaye oswa lòt rezidan pa abize oswa maltrete ou.
- ◆ Gen ase pwodwi pou pwòpte kò ou.
- ◆ Gen yon bon kantite espas pou mete rad oswa lòt afè ou.
- ◆ Gen yon kote rezonab pou gen vi prive lè w ap dòmi, benyen, oswa al nan twalèt.
- ◆ Resevwa vizitè yon lè ki rezonab, gen vi prive lè moun ap vizite ou, ak kominike yon fason lib ak moun ki anndan oswa deyò sant sikyatri a.
- ◆ Jwenn swen pou sante ak dan ki apwopriye.
- ◆ Gen yon plan pèsonalize pou tretman ak pou w aktif nan devlopman plan sa a.
- ◆ Kontakte direktè sant la, Sèvis Legal Mantal Ijèn nan, Komite Vizitè Lopital la, oswa Komisyon Eta Nouyòk sou Bon Kalite Swen ak Defans Pou Moun Ki Andikape a pou nenpòt kesyon oswa plent. (Adrès ak nimewo telefòn yo ap afiche nan lopital la, epi ap genyen kèk sou do piblikasyon sa a.)

Dwa yo ki ekri anlè a pa lwe limite pou pini pasyan an oswa pou rann li pi fasil pou anplwaye yo. Kapab gen limitasyon sou lwa sa yo sèlman lè yon doktè ekri lòd pou fè sa. Yo dwe mete lòd la nan dosye pasyan an ak di pou konbyen tan lap bon ansanm ak yon jistifikasyon limitasyon an.

Vi Prive ak Konfidansyalite

An plis lwa sa a ba ou dwa pou gen vi prive ak konfidansyalite lè w ap pale ak moun ki egzamine oswa trete ou oswa ak konfidansyalite pou dosye klinik ou ak lòt enfòmasyon sou ou.

Biwo Sante Mantal la pral ba ou yon *Avi Pratik Vi Prive* separe ki pral di ou kijan nou itilize ak pataje enfòmasyon tretman sante mantal konfidansyèl ou. An plis li pral di ou dwa ou parapò ak enfòmasyon tretman sante mantal ou, ak kiyès pou w kontakte si ou gen kesyon oswa yon plent sou fason nou te itilize oswa pataje dosye tretman ou.

Jeneralman, yo pa dwe pataje okenn enfòmasyon sou ou amwenske ou menm oswa reprezantan legal ou bay yon pèmisyon ki ekri pou fè sa.

Men, nan sikonstans limite, lalwa pèmèt oswa oblije yo bay sèten moun, oswa lòt òganizasyon dosye oswa enfòmasyon ou. Pa egzanp, ajans gouvènman ak konpayi asirans kapab resevwa enfòmasyon ki nesèsè pou peye pou sèvis yo te bay. Nan pifò ka yo pral note sa yo pataje a nan dosye ou, epi ou gen dwa aprann sou li lè ou mande sa.

Yon sant psikiyatrik kapab vle pran foto ou pou yo kapab ba ou yon kat idantifikasyon. Ou gen dwa pou yo enfòme ou sou rezon yo pran foto a ak sa yo pral fè ak li, yo pral konsidere sa si ou pa vle.

Moun ki entène sou Lwa Pwosedi Kriminèl oswa Lwa Koreksyon kapab oblije pran foto pou mete nan dosye yo pou rezon lalwa.

Travay ak edikasyon

Sòf pou kenbe bagay pèsònèl li oswa yon kote li rete a pwòp lè li kapab, okenn pasyan pral bezwen fè okenn travay.

Sepandan, nou konsidere travay tankou youn nan chimen pou retablisman. Se sa ki fè sant Biwo Sante Mantal yo ofri opòtinite pou travay oswa fòmasyon travay ki respekte lwa travay nan nivo federal ak nivo eta.

Se pou yo di ou travay oswa fòmasyon travay ou pral fè a pa bouch ak pa ekri. Se pou yo di ou konbyen w ap touche, ki peryòd w ap touche, kijan yo detèmine total w ap touche a, konbyen yap retire sou chèk ou ak rezon chak bagay yo retire yo. Epi tou yo dwe pale ou sou pwovizyon regleman Biwo Sante Mantal la sou travay ak fòmasyon travay.

Si ou gen ant 5 ak 21 ane, ou gen dwa pou resevwa menm sèvis edikasyon ak fòmasyon teknik ou tap gen dwa resevwa deyò yon sant psikiyatrik.

Kominikasyon

Korespondans

Ou kapab voye ak resevwa lèt ki pa ouvri ak pa sou sansi amwenske ekip tretman ou a deside sèten limit nesèsè pou byenèt ou menm ak lòt moun.

Yo dwe di ou nenpòt limit yo mete sou lèt ou, epi ou kapab pwoteste desizyon an ak direktè sant psikiyatrik ou a.

Si, pou nenpòt rezon, ou pa ka li oswa ekri, ekip tretman an pral chwazi youn nan manm li yo pou li oswa ekri pou ou, epi li pral ba ou yon tan rezonab pou sa. Si ou pa pale angle, yon moun ki pale lang ou pral ede ou lè li nesèsè.

Yo pa dwe refize bay swen ak tretman pou okenn moun ki pa pale angle, ki soud oswa gen difikilte pou tande oswa fè okenn lòt diskriminasyon kont yo. Chak sant dwe fè demach ki nesèsè pou rasire : yo fè demach ki nesèsè pou bay enfòmasyon nan lang moun nan; gen entèprèt ki disponib atan, lè li nesèsè pou kominikasyon ki efikas; moun kap fè entèprèt yo gen ase konpetans pou asire gen kominikasyon ki efikas. Dwe gen kominikasyon ak moun ki soud oswa gen difikilte pou tande dapre Lwa Ameriken Ki Andikape a (Lwa Piblik 101-336). Ou kapab jwenn lwa sa a nan Department of State, Office of Information Services, 41 State Street, Albany, NY 12207, and the Office of Mental Health, Counsel's Office, 44 Holland Avenue, Albany, NY 12229.

Telefòn

Pou jwenn aksè rezonab ak yon telefòn.

Vizitè

Ou gen dwa pou moun vin vizite ou yon lè ki rezonab, ak pou gen vi prive lè yo vizite w. Ou gen dwa pou refize vizitè.

Doktè ou dwe ekri nenpòt lòd pou mete limit sou vizit ou, epi li pral diskite li avè ou davans. Yap bezwen mete lòd sa a nan dosye klinik ou. Yo dwe di jistifikasyon klinik limit sa a ak pou konbyen tan limitasyon an ap rete an vigè.

Admisyon Iwa Ijèn Mantal

Lè ou entène, ou pral resevwa yon avi ki di sou ki kondisyon ou entène epi di ou dwa ou pou resevwa asistan nan Sèvis Legal Ijèn Mantal la.

Lè yon moun entène nan yon sant psikyatrik Nouyòk sou Lwa Ijèn Mantal la, admisyon an tonbe sou youn nan twa kategori jeneral sa yo: enfòmèl, volontè oswa envolontè.

Admisyon enfòmèl yo se lè yon moun mande tretman epi yo entène li sa yon aplikasyon ki fòmèl oswa ekri. Pasyan an lib pou l kite nenpòt lè pandan li entène sou estati sa a.

Admisyon volontè se lè yon moun ki gen 16 an oswa pi gran aplike pou admisyon pa ekri. Si moun nan gen pi piti pase 18 an, paran, moun ki responsab legal, oswa fanmi ki pi pwòch li a kapab gen otorite pou aplike pou moun sa a.

Yon pasyan ki gen estati volontè kapab fè yon demann pa ekri pou li soti nenpòt lè. Si pasyan an gen pi piti pase 18 an, moun ki te aplike pou entène pasyan an kapab mande pou yo lage li tou, oswa yon lòt moun ki gen menm relasyon ak moun nan, oswa Sèvis Legal Ijèn Mantal la kapab fè sa tou.

Yo dwe lage yon pasyan volontè ki soumèt yon demann pou kite lopital la amwenske direktè sant psikyatrik la kwè moun nan satisfè egzijans pou admisyon envolontè epi li bezwen rete. Nan ka sa a, direktè a dwe aplike devan yon jij avan 72 èdtan pou otorizasyon pou kenbe pasyan an.

Si ou entène lopital swa sou estati pasyan volontè oswa envolontè, yo dwe enfòmè ou regilyèman sou estati ou ak dwa ou yo, tankou dwa ou pou jwenn asistans nan Sèvis Legal Ijèn Mantal la. An plis, yon fwa pa ane direktè sant psikyatrik la ak Sèvis Legal Ijèn Mantal la dwe revize si estati volontè ak enfòmèl la apwopriye pou chak pasyan ak volonte yo pou rete ak estati sa a.

Yo kapab mete yon moun sou admisyon envolontè nan youn nan twa fason sa yo:

1. Sètifikasyon medikal, ki egzije pou de doktè egzaminen yon moun epi sètifye li bezwen swen ak tretman envolontè nan yon sant psikyatrik. Kèk fwa yo rele sa "two p.c." an angle yon fason enfòmèl ki siyifi "de doktè sètifye." Sètifikasyon sa a dwe vini ak yon aplikasyon pou admisyon yon moun ki abitye ak moun nan (pa egzansp, yon responsab legal, paran, fanmi ki pi pwòch, psikyat kap trete li a oswa yon moun ki abite ak li) oswa yon ofisyèl gouvènman.

Si yon admèt ou san volonte ou ak yon sètifika medikal, oswa yo chanje ou sou estati sa a, yo kapab kenbe ou nan yon sant psikyatrik pandan jiska 60 jou. Si ou menm - oswa yon fanmi, zanmi, oswa Sèvis Legal Ijèn Mantal la- kwè ou pa bezwen entène san volonte ou, ou menm oswa nenpòt nan moun sa yo kapab ale nan yon odyans nan tribinal pou sa.

Nan fen 60 jou yo, epi regilyèman apre sa, direktè sant psikyatrik la dwe aplike devan yon jij pou otorizasyon pou kenbe ou kòm yon pasyan sou estati envolontè. Yo dwe di ou sa lè yo fè yon aplikasyon pou sa epi ou gen dwa pou pwoteste ak pou Sèvis Legal Ijèn Mantal la oswa pwòp avoka ou reprezante ou nan odyans la.

2. Sètifika yon direktè sèvis kominote bay, oswa yon doktè pou egzamine direktè sèvis kominote a chwazi.

Sètifika sa a di moun nan gen yon maladi mantal ki kapab lakòz li menm oswa lòt moun gwo danje epi li bezwen entène pou swen ak tretman.

Si yo entène ou nan fason sa a, fòk yon psikyat nan sant la egzamine ou avan 72 èdtan. Si psikyat la konfime ou satisfè egzijans pou admisyon envolontè dapre sètifikasyon medikal, yo kapab kenbe ou nan yon sant psikyatrik pandan jiska 60 jou. Pwosedi pou kenbe yon pasyan kont volonte li pou plis pase 60 jou ak dwa pasyan an pou l al nan odyans, se menm jan ak sa yo ki souliye nan Seksyon 1 pi wo a.

3. Admisyon ijan baze sou deklarasyon moun nan gen yon maladi mantal ki kapab lakòz li menm oswa lòt moun gwo danje epi yo bezwen obsève li touswit, ak bay li swen ak tretman nan yon sant psikyatrik.

Si yo entène ou nan fason sa a, fòk yon psikyat nan sant la egzamine ou avan 48 èdtan. Si li konfime ou satisfè egzijans pou admisyon ijan, yo kapab kenbe ou nan yon sant psikyatrik pandan jiska 15 jou. Pou kenbe ou kont volonte ou pou plis pase 15 jou, ou dwe satisfè egzijans pou yon admisyon volontè dapre sètifikasyon medikal, epi yo dwe chanje estati ou sou li. (Gade nan seksyon 1, pi wo a, pou yon deskripsyon dwa ou pou ale nan yon odyans.)

Admisyon sou lwa pwosedi kriminel ak lwa koreksyon

Yon sant psikyatrik kapab entène ak kenbe moun dapre pwovizyon ki nan Lwa Pwosedi Kriminel (CPL) oswa ak Lwa Koreksyon.

- ◆ Yon moun ki nan prizon epi ap tannp ou ale nan odyans oswa pou yo bay li kondanasyon li kapab entène nan yon sant psikyatrik dapre Seksyon 508 nan Lwa Koreksyon an. Admisyon sa a menm jan ak yon admisyon envolontè sou Lwa Ijèn Mantal la, men pasyan an ak rete sou sipèvizyon yon gad ak ofisyèl prizon an.
- ◆ Yon moun ki se yon akize nan yon pwosedi kriminel, ki pa gen kapasite pou konprann sa kap pase nan pwosedi a oswa ede defann pwòp tèt li, kapab entène dapre youn nan plizyè lòd tribinal sou Atik 730 Lwa Pwosedi Kriminel la. Yon lòd pou yon egzamen egzije moun nan fèmèn nan yon lopital pou jiska 30 jou pandan yap fè egzamen psikyatrik la. Si li nesèsè pou fè egzamen an, jij la kapab otorize li fèmèn lopital la pou jiska yon lòt 30 jou.

Yon lòd pou angajman oswa pou rete angaje, pou yon peryòd de ane, yon akize ki legalman pa gen kapasite epi yo di te komèt yon krim. Yo pa kapab kenbe yon akize sou youn nan lòd tribinal sa yo pou plis pase de tyè maksimòm tan yo tap kondane li pou krim li te komèt la. Lè youn nan lòd sa yo ekspire, yo dwe chanje moun nan sou yon estati admisyon Lwa Mantal Ijèn - enfòmèl, volontè oswa envolontè - oswa yo lage li.

- ◆ Yo kapab entène yon moun ya pa twouve responsab pou yon krim paske li genyen sa lalwa rele yon "maladi oswa defo" mantal nan yon lopital dapre lòd yon tribinal sou Seksyon 330.20 nan Lwa Pwosedè Kriminèl la. Yo se: lòd egzamen ki entène moun nan pou peryòd 30 jou pou evalyasyon psikyatrik; lòd pou angajman sivil ak yon lòd kondisyon jij enpoze pou entène yon moun yo twouve gen yon maladi mantal; ak lòd angajman kote yo twouve yon moun gen yon maladi mantal danjere epi yo bezwen plase li yon kote ki fèmen.
- ◆ Yon moun ki nan prizon kapab entène nan yon lopital ki fèmen dapre Seksyon 402 nan Lwa Koreksyon an. Sòf pou ka ijàn, fòk yo bay yon otorizasyon lopital avan. Pasyan an, oswa yon moun kap aji nan non li, kapab mande yon odyans. Si yo entène yon moun nan yon ka ijàn, fòk yo al pran otorizasyon nan men tribinal la avan.

Gadyen Legal

Si ou legalman enkapasite pandan ou entène nan yon sant psikyatrik eta a, yon jij kapab chwazi yon gadyen legal pou pran desizyon nan non ou.

Jij la ap deside si w bezwen yon gadyen legal ak kiyès li pral ye (pandan yap konsidere fanmi ak zanmi, si yo kalifye). Ou gen dwa pou Sèvis Legal Ijèn Mantal la oswa yon lòt avoka reprezante ou nan pwosesis la.

Manda sante mantal ak testaman

Ou gen dwa pou chwazi yon mandat swen sante, ki ap chwazi yon ajan swen sante - yon lòt majè pou pran desizyon sou sante ou an ka ou ta pèdi kapasite pou pran desizyon.

An plis ou gen dwa, dapre Lwa Eta Nouyòk, parapò ak testaman - enstriksyon yon moun ekri sou jan pou yo bay li swen si li pa ta gen kapasite pou pran desizyon sou sante li. Lè ou entène, lopital la pral pale ou sou dwa sa yo epi lè ou mande, yo pral ba ou yon fòm pou chwazi yon ajan ak ofri plis asistans.

Dwa ou pou resevwa bon kalite swen

Ou Genyen Dwa pou gen yon plant tretman pèsonalize.

Plan tretman fondamantal sa a dwe gen yon deklarasyon objektif pou tretman, pwogram ki apwopriye, tretman oswa terapi pou pran pou satisfè objektif sa yo ak lè espesifik pou revize pwogrè. Ou dwe gen yon opòtinite pou patisipe mezi ou kapab nan devlopman ak revizyon tretman plan pèsonalize ou a. Sa genyen dwa pou ou mande yo revize plan an.

Ou gen dwa pou resevwa sèvis ki apwopriye dapre bezwen ou ak konpetans epi ak sekirite avèk imanite. Sou lwa nan nivo federal ak nivo eta, anplwaye yo pa gen dwa fè diskriminasyon sou yon moun ki baze sou ras, koulè, sèks, kwayans, reliyon, laj, orijin nasyonal ak nati avèk severite andikap ou a.

Lè ou entène, ou pral resevwa egzamen medikal ak nan dan ou regilyèman. Gen tretman medikal ak pou dan disponib, ak sèvis swivi apwopriye lè ou bezwen.

Se sèlman pou rezon terapetik pou w itilize medikaman, epi yo dwe eksplike ou efè segondè posib, ansanm ak lòt tretman ki disponib.

An ka ou ta gen yon maladi grav, yap kontakte gadyen legal, fanmi, oswa yon zanmi pwòch ou te chwazi a touswit.

Dwa ou pou refize

Ou gen dwa pou refize nenpòt kalite swen oswa tretman, ap pwoteste kont desizyon ou pa dakò ak yo.

Si ou refize, ekip tretman an dwe fè tout efò pou ba ou yon lòt tretman oswa pwosedi w ap aksepte.

Yo dwe eksplike ou medikaman oswa lòt tretman medikal yo pwopoze ou. Si ou refize, ou gen dwa pou doktè Biwo Sante Mantal la oswa yon tribinal revize tretman yo pwopoze yo ak sa ou refize a. Sòf pou yon ka ijan, yo pap ka trete ou ak sa ou refize yo san otorizasyon tribinal, epi ou gen dwa pou Sèvis Legal Ijèn Mantal la oswa yon reprezantan ede ou nan pwosedi administratif ak tribinal.

Kontwòl ak izolman

Yo kenbe pasyan yo ak yon bagay ak izole lè pa gen anyen yo ka fè pou evite chòk, epi regleman Biwo Sante Mantal la di se sèlman pandan sitiyasyon ijan pou itilize yo.

Gen aparèy espesifik yo itilize pou kenbe pasyan yo doktè kapab kòmande ki genyen kontwòl kat pwen, kontwòl senk pwen, sentiwon pou mare ponyèt ak dra pou kalme. Yo kapab itilize kamizòl ak dra pou kenbe moun sèlman lè ofisye medikal an chèf OMH la bay otorizasyon oswa moun li chwazi pou fè sa, epi se sèlman ak pasyan yo otorize pou yo itilize bagay sa yo. Anplwaye yo sipoze itilize pi piti kalite kontwòl ki genyen ki apwopriye epi ki efikas.

Izolman se lè yo mete yon moun poukont li nan yon chanm li pa ka kite lè li vle.

Ou kapab kenbe w ak yon bagay oswa izole ou sèlman lè doktè ekri yon lòd pou sa, dapre egzamen pèsònèl. Si yon doktè pa disponib imedyatman, yon klinisyen kapab kòmanse pwosedi a pandan yap tann doktè a rive sèlman si pasyan prezante danje pou tèt li oswa lòt moun. Yon lòd pap valid pou plis pase de èdtan pou majè epi pou renouvle yon lòd, doktè a dwe fè yon lòt egzamen epi ekri yon lòd lòd. Yo dwe sipèvize pasyan ki sou kontwòl oswa izolman yo regilyèman epi tcheke siy vital yo regilyèman. Yo pa dwe kontwole oswa izole yon pasyan pou pini li, oswa pou rann vi anplwaye yo pi fasil oswa yon ranplasman pou tretman, epi yo pa gen dwa itilize twòp fòs kont pasyan an.

Are yo fin kenbe oswa izole pasyan an, epi kou moun nan vle, anplwaye yo dwe revize sikonstans epizòd la ak moun nan. Yo dwe eseye idantifye ak moun nan kijan bagay yo te ka fèt diferan ak kijan yo ka evite yon ijans alavni.

Pwogram asirans kalite lopital la ap sipèvize fason yo kenbe ak izole moun nan.

Operasyon ak lòt tretman

Operasyon, sismo-terapi (tretman elektrik), gwo tretman medikal oswa medikaman oswa pwosedi pou eksperimente otorize sèlman ak otorizasyon ki apwopriye.

Amwenske ou gen pi piti pase 18 ane oswa yon jij detèmine ou manke kapasite pou bay konsantman ou pou tretman, se sèlman si ou bay konsantman eklere ou y ap ka fè pwosedi sa yo. Sa vle di dakò pou pwosedi a apre yo fin ba ou tout enfòmasyon nèt sou avantaj ak danje ki kapab genyen.

Si yon moun gen pi piti pase 18 an oswa pa gen kapasite pou bay konsantman pou tretman, yon fanmi pwòch, ajan swen sante (moun yo chwazi nan yon manda swen sante), yon reprezantan tribinal la chwazi, oswa yon reprezantan nan yon komite pou pran desizyon oswa yon jij kapab bay otorizasyon an. Men, san otorizasyon yon reprezantan, yo pap ka fè pwosedi si moun nan pa dakò epi se pa yon ka ijans amwenske li sou estati envolontè epi li te gen chans pou mande yon revizyon jidisyè oswa administratif pou desizyon an.

Nan ka ijans, direktè sant psikyatrik la kapab otorize yon pwosedi ki nesèsè pou sove lavi oswa yon manm nan kò moun nan sa li pa gen konsantman pèsòn. Sismo-terapi pa yon tretman ijans, epi yon direktè sant psikyatrik pa ka otorize li pou yon pwosedi ijans.

Rechèch

Yon pasyan kapab patisipe nan rechèch sèlman si li pa antre an konfli ak plan tretman pèsonalize li a. Menm si ou dakò oswa refize patisipe nan rechèch sa pa pral fè yo retire okenn dwa, privilèj oswa pwoteksyon ou genyen daprè lalwa.

Ou gen dwa pou refize patisipe nan nenpòt aktivite fòmasyon anplwaye ki pa fè pati plan tretman ou an.

Dosye kriminèl

Lè yo entène ou, gen yon verifikasyon sou òdinatè ki fèt otomatikman pou wè si ou gen yon pase kriminèl. Yo kapab fè yon rezime enfòmasyon ki nan Sèvis Divizyon Jistis Kriminèl la epi mete li nan dosye klinik ou, men yo sipoze detwi rapò a avan de semèn apre yo resevwa li. Yap ekri ou yon avètisman sou enfòmasyon yo te jwenn nan dosye kriminèl ou epi w ap gen yon opòtinite pou mande yo korije enfòmasyon ki pa kòrèk.

Liberasyon

Yap lage yon moun yo entène sou Lwa Ijèn Mantal nan kominote a sèlman apre ekip tretman moun nan oswa yon jij te detèmine moun nan pa bezwen swen ak tretman entène.

Yap prepare yon plan sèvis pou moun yap lage a. Moun sa a, ansanm ak reprezantan otorize li a, dwe gen yon opòtinite pou patisipe nan devlopman plan sa a.

Plan sa a pral genyen ladan:

- ◆ Yon deklarasyon sou bezwen moun nan, si genyen, pou sipèvizyon, medikaman, sèvis apre swen ak èd pou jwenn travay.
- ◆ Yon rekòmandasyon espesifik sou kalite rezidans pasyan an sipoze abite ak yon lis sèvis ki genyen nan rezidans sa a.

Epi tou anplwaye yo dwe kontakte depatman lokal sèvis sosyal la, epi yo dwe trete nenpòt aplikasyon pou asistans piblik, Medicaid ak Revni Sekirite Sipleman (SSI) avan yo lage moun nan.

Yap lage moun ki entène sou Lwa Pwosedè Kriminèl oswa ak Lwa Koreksyon dapre lwa sa yo.

Liberasyon ak kondisyon

Yo kapab libere yon moun ak kondisyon tan pou yo jis lage li konsa, si yo bezwen sipèvizyon li.

Yo kapab libere yon pasyan ki sou estati envolonètè ak kondisyon sèlman pou rès tribinal la te otorize pou yo kenbe li a. Pa egzanp, si yon jij te pase lòd pou yo kenbe yon moun pou 30 jou, epi dis jou te pase, yo kapab lage moun nan ak kondisyon pou rès 20 jou yo. Si yon doktè nan sant psikiyatrik la detèmine moun nan ki sou liberasyon ak kondisyon an kapab bezwen entène lopital ankò kont volonte li, yo kapab kenbe moun sa a ankò pou yon peryòd 72 èdtan, kote yo pral evalye moun nan pou entène li ankò (konfòmman ak pwosedè admisyon swa Lwa Ijèn Mantal nou te eksplike talè a) oswa lage li, swa ak kondisyon oswa san kondisyon.

Yo kapab libere yon pasyan ki sou estati volontè ak kondisyon sèlman si li bay konsantman. Si moun nan gen pi piti pase 18 an, paran, moun ki responsab legal, oswa fanmi ki pi pwòch li a kapab gen otorite pou bay konsantman pou moun sa a. Moun nan kapab retounen nan sant la sèlman si li bay konsantman li, amwenske estati psikiyatrik li te chaje kote yon admisyon envolonètè ap obligatwa.

Tretman Asiste Pou Pasyan Deyò (Lwa Kendra)

Kontèks

Eta Nouyòk te pase yon lwa ki pou bay Tretman Asiste Pou Pasyan Deyò (AOT) bay sèten moun ki gen maladi mantal ki, dapre jan tretman yo te ye avan ak sikonstans yo pou moman an, pap ka viv nan kominote a san sipèvizyon. Souvan yo rele lwa sa a "Lwa Kendra" epi li dekri nan Seksyon 9.60 Lwa Ijèn Mantal la. Moun sa yo nan kominote a, oswa ki pral soti nan prizon oswa lopital pou retounen nan kominote a, kap soufri yon maladi mantal epi gen chans pou yo pa viv san sipèvizyon fòmèl, kapab bezwen on AOT.

AOT se yon mo jeneral ki dekri sèvis yon moun kapab bezwen resevwa nan kominote a, tankou sèvis jesyon dosye, medikaman, tèspou dwòg, fòmasyon edikasyon ak teknik, terapi an gwoup, tretman ak konsèy pou abi dwòg ak alkòl, ak sipèvizyon sou kote yo ap viv. Avan yon tribinal kapab pase lòt pou yon tretman asiste pou pasyan deyò, fòk AOT a se altènatif ki limite pasyan mwens pase tout lòt tretman.

Elijibilite

Pou yo kapab twouve yon moun bezwen tretman asiste pou pasyan deyò, li sipoze:

- ◆ gen omwen 18 an epi gen yon maladi mantal;
- ◆ gen anpil chans li pap viv nan kominote a san sipèvizyon, dapre detèminasyon klinik;
- ◆ gen yon pase kote li pa te respekte tretman ki te vin lakòz (a) li te entènè lopital pou maladi mantal omwen de fwa nan 36 mwa ki sot pase yo oswa (b) youn oswa plis zak vyolans kont tèt li oswa lòt moun, li fè menas gwo danje fizik kont tèt li oswa lòt moun, nan 48 mwa ki te pase yo (lè w kalkile peryòd 36 mwa oswa 48 mwa "pa dèyè" yo, kantite tan li te entènè lopital, oswa nenpòt ospitalizasyon ki te fini nan sis mwa touswit avan yo te ranpli petisyon an, pa ladan);
- ◆ li gen anpil chans pa vle patisipe nan entèvansyon tretman pandan li deyò ki tap pèmèt li viv san danje nan kominote a;
- ◆ dapre jan moun nan te konn resevwa tretman avan ak fason li aji nan moman an, li bezwen AOT pou maladi a pa tounen oswa vin pi mal yon fason li kapab yon danje pou li menm ak lòt moun; epi
- ◆ li gen anpil chans pou AOT benefisye li.

Pwosesis

Pwosesis la kòmanse lè yo ranpli yon petisyon ak tribinal konte a oswa kou siprèm konte a kote moun nan ye a oswa yo kwè li ye a. Yon petisyon se yon deklarasyon tribinal fòmèl ki dekri enfòmasyon ki demontre moun nan satisfè kritè pou AOT yo. Moun ki ranpli petisyon an kapab yon moun ki abite nan menm ka ak moun na, sèten fanmi, direktè yon lopital kote moun nan entènè, yon psikiyat kalifye ki swa ap trete moun nan oswa ap sipèvize tretman moun nan, yon psikològ oswa travayè sosyal ki gen lisans pou sa kap trete moun nan,

direktè yon òganizasyon piblik oswa karikativ kap bay moun nan sèvis sante mantal oswa lojman, direktè lokal sèvis kominote oswa ofisyèl sèvis sosyal oswa ofisye kap sipèvize moun yo lage nan prizon ak kondisyon.

Apa yon petisyon, yon afidavit yon doktè ki te egzamine moun ap obligatwa epi li dwe montre, doktè a te egzamine pasyan an avan 10 jou apre yo te fin ranpli petisyon an epi moun nan petisyon an satisfè kritè pou AOT. Yo livre petisyon an bay plizyè moun tankou moun yo akize ki souffri maladi mantal la epi bezwen AOT ak fanmi ki pi pwòch li ak Sèvis Legal Ijèn Mantal la ak plis kote toujou. Tribinal la gen 72 èdtan pou etabli yon dat pou odyans la, menmsi yo ka ajoune odyans la pou yon "bon kòz". Nan odyans la, tribinal la pral konsidere tout prèv, ki kapab genyen temwayaj moun kap pote petisyon an ak lòt kalite prèv kap akseptab. Apre yo bay tribinal la tout enfòmasyon, yo pral fè yon detèminasyon si moun nan satisfè kritè pou AOT. Si tribinal nan detèmine moun nan satisfè kritè pou AOT, premye lòd la pral egzije pou moun nan resevwa tretman asiste pou pasyan deyò pou jiska 6 mwa apre dat lòd la. Yo kapab pwolonje lòd AOT a ak yon lòt pwosesis petisyon menm jan an pou yon peryòd yon ane.

Lè yon pasyan pa respekte yon lòd AOT

Si yon pasyan pa respekte yon lòd AOT, ekip tretman li an pral travay pou li ka respekte li. Si yon doktè detèmine moun an toujou pa respekte yon lòd AOT epi pasyan an kapab bezwen yo entène li lopital, doktè a kapab rekòmande pou yo retire pasyan an nan kominote a pou egzamine li epi mennen li nan yon lopital. Yo kapab kenbe pasyan an pou jiska 72 èdtan pou detèmine si li bezwen yo entène li pou swen ak tretman. Fòk yo lage pasyan an nan fen 72 èdtan amwenske yo entène li lopital la tankou yon pasyan dapre pwovizyon ki nan Lwa Ijèn Mantal ki gen pou wè ak admisyon lopital. Lè yon pasyan refize pran medikaman ki obligatwa, oswa li pa pase yon tès pou detèmine si li pran medikaman li oswa pou detèmine si li itilize alkòl oswa dwòg, doktè a kapab konsidere sa lè lap detèmine si pou yo mennen li nan yon lopital pou egzaminen li.

Asistans legal pou ou

Sèvis Legal Ijèn Mantal (MHLS) bay sèvis legal, konsèy ak asistans, tankou reprezantasyon, sou tout pwoblèm ki vin poze pandan ou entène isit la. MHLS se yon ajans Kou Siprèm Eta Nouyòk, epi li pa fè pati Biwo Sante Mantal la oswa okenn sant psikyatrik. Anplwaye MHLS yo se avoka oswa travayè sosyal ki gen eksperyans nan zafè legal. Travay yo se pou ede ou konprann dwa ou kòm yon pasyan ak pwoteje yo.

Si ou pa vle yo entène ou lopital, MHLS kapab fè yon aranjman pou fè yon odyans devan yon jij, ki pral decide si w ap bezwen rete. Si ou pa genyen yon avoka, MHLS kapab swa reprezante ou oswa ba ou yon avoka. Li kapab jwenn opinyon psikyatrik adisyonèl tou.

MHLS ede pasyan lòt fason, tankou envestige plent sou pasyan yo abize ak maltrete.

Tout pasyan, fanmi yo ak lòt moun ki travay nan non pasyan yo gen dwa pou kominike lib epi an prive ak reprezantan MHLS la nenpòt lè. Non, adrès biwo ak nimewo telefòn reprezantan MHLS yo ap afiche nan chak sant psikyatrik, epi anplwaye yo oblije bay pasyan yo enfòmasyon sa a lè yo mande li. An plis, chak liy telefòn yon sant sikyatrik kapab konekte yon moun ki rele ak MHLS oswa bay nimewo telefòn nan. Tout sèvis MHLS yo gratis.

Nimewo telefòn pou jwenn èd

Biwo Sante Mantal Eta a ofri yon nimewo telefòn gratis pou Relasyon Kliyan Rele:

1-800-597-8481

Nimewo pou moun ki pale espanyòl yo se:

1-800-210-6456

Nimewo TDD pou moun ki soud oswa gen difikilte pou tande yo se:

1-800-421-1220

Pou kontakte Komisyon Eta Nouyòk Sou Kalite Swen ak Defans Moun Ki Andikape, yon ajans sipèvizyon ki toupatou nan eta a, rele gratis:

1-800-624-4143

Pou kontakte Pwoteksyon ak Defans Pou Moun ki gen Maladi Mantal (PAIMI) rele:

(518) 388-2892

oswa rele gratis **1-800-624-4143**

Pou kontakte The Joint Commission pou pale enkyetid ou gen sou òganizasyon sa a, rele:

1-800-994-6610

Oubyen imèl

complaint@jointcommission.org.